Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 34 (9945) 1 сентябрь 2023 с. / Рузман 16 сафар 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

***Уважаемые работники образования, дошкольных учреждений, учащиеся школ и родители!***




**День знаний, отмечаемый 1 сентября, официально был утверждён Верховным Советом СССР в 1984 году. В этот день во всех школах проводятся торжественные линейки, уроки добра и мира.**

**Это праздник знаний, которые сопровождают нас всю жизнь и помогают всем нам идти по ней.**

Поздравляем всех вас с Днём знаний. Желаем вам крепкого здоровья, счастья и успехов во всех ваших благих намерениях.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

## Уважаемые казбековцы!

От всего сердца поздравляю вас с Днём знаний. Желаю всем вам доброго здоровья, счастья, радости, успехов, достатка и процветания.

***Депутат НС РД М.Д. Умаханов***

## 3 сентября-День солидарности в борьбе с терроризмом



В нашей стране эта трагическая дата неразрывно связана с ужасающими событиями, произошедшими в городе Беслан, когда в результате беспрецедентного по своей жестокости террористического акта, погибли более трехсот человек, в основном женщины и дети. В этот день по всей стране вспоминают жертв террористических актов, а также сотрудников правоохранительных органов, погибших при выполнении служебного долга.

Терроризм-это зло, с которым сталкивается человечество сегодня. Его жертвами становятся, как правило, мирные, беззащитные люди, чему нет никакого оправдания и прощения. Мы должны приложить все усилия для того, чтобы лишить террористов даже надежды на поддержку в обществе, не дать им шанс повторить трагедии. Главное наше оружие-бдительность, сплочённость и неравнодушие.

## Активалъул данделъиялда

29 августалда, районалъул бетlер Хl. Хl. Мусаевасул нухмалъиялда, администрациялда тlобитlараб активалъул данделъиялда гlахьаллъана управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хlалтlухъаби ва росабазул бутlрул.

Данделъи байбихьилалде цебе Хl. Хl. Мусаевас абуна: «*Жавабиял хlалтlухъабазда цере республикаялъе нухмалъулез лъурал масъалаби ккола социалияб-гун экономикияб рахъал церетlезариялъе цlакъ кlвар бугеллъун , гьелъ, цоги нухалда тlадвуссун, дица нужеда лъазабулеб буго захlматалъулъ гlадлу-низам букlинабе*»,-ян.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукlана профилактикаялъулал халгьабиялгун диспансеризация, риидалил хlухьбахъиялъул кампания тlоритlиялда, хасалихълъиялдегун хаслиде районалъул объектал хlадуриялда, администрациялъул, гьелъул ведомствоялде кколел гlуцlабазул, росабазул администрациябазул хlалтlухъабаз налоговиял налъаби рецlиялда ва республикаялъулгун районалъул бутlрузул рихьизариялгун тlадкъаял тlуразариялда хурхарал суалал.

Тlоцебесеб суалалда тlасан кlалъазе вахъарав ЦРБялъул бетlерав тохтурасул заместитель Гlусман Салмановас данделъаразе баян кьуна гьеб суал бетlералде бахъинабиялда сверухъ гьарурал ишазул.

«*Гьеб суал тlубангутlиялъул цlикlкlунисеб рахъал бараб буго гlадамазе бичlчlенкьей гlураблъун гьечlеб букlиналда. Гьелде гьоркьоре цlазе ккола учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел, росабазул бутlрул, бакlазда ругел медицинаялъул хlалтlухъаби, гурони, гьеб тlубазаби халатбахъине буго*»,-ян абуна гьениб районалъул бетlерас.

«*Суал тlубазабиялъул, цоги нухалда тlадруссун, хал гьабизе буго 9 моцlалъ*




*нилъеца гьабураб хlалтlул хlасилал гьарулеб данделъиялда*»,-ян тlадеги жубана Хl. Мусаевас.

Кlиабилеб суалалда тlасан кlалъазе вахъарав РУОялъул начальникасул заместитель Хlусен Зубайриевас гьениб бицана лъималазе риидал хlухьбахъиялъе тlобитlараб кампаниялъул.

Гьелда тlасан гьабураб кlалъаялда районалъул бетlерас абуна кампаниялде гьоркьоре рачаразул къадар дагьаб бугин ва хадусел соназ гьеб цlикlкlинабиялда тlад хlалтlизе кколин.

«*Хадусан тlоритlулел гьединал кампанияби гlуцlиялда, гlемерал лъимал гьоркьоре цlаялда сверухъ гьабулеб хlалтlи лъикlлъизабизе ккола, ва дун хlадурав вуго гьелъулъ нужее хlажатаб кумек гьабизе*»,-ян абуна Хlажимурадица.

Лъабабилеб суалалда тlасан кlалъазе вахъарав архитектураялъулгун бакlал раялъул, ЖКХялъул отделалъул начальник Хlамзат Хlадаевас гьениб бицана районалъул объектал хасалихълъиялдегун хаслиде хlадур гьари кинаб даражаялде щун ругелали.

Гьес, мухlкан гьабун, бицана объектал, гьоркьобкъотlи гьечlого, газалдалъун, токалдалъун ва цогидаб хlажатабщиналдалъун хьезариялда сверухъ гьабураб хlалтlул.

Гьединго, Хlамзатица гьениб бицен гьабуна росабалъ лъим чlезабиялда, гьенир ва гьел тун къватlирехун нухал, кьоял ва цогидал бакlал къачlаялда сверухъ унеб бугеб хlалтlулги.

Гьеб суалалда тlасан кlалъаялда районалъул бетlерас абуна: «*Бихьулеб буго нужеца гlезегlанаб хlалтlи гьабун букlин, амма гьелда гlей гьабизе кколаро, цебе бугеб хlалтlи жеги гlемераб буго. Цlикlкlараб кlвар кьезе ккола школазда ва цогидал бакlазда хlинкъигьечlолъи чlезабиялде, газ, ток ва лъим чlезариялъе ишал гьарулелгун нужер кидагосеб бухьен букlинабиялде ва хlалтlаби тlуразариялъе бихьизабураб заман цlуниялде*»,-ян.

Налоговиял налъаби рецlиялда сверухъ бугеб ахlвал-хlалалъул гьениб бицен гьабуна экономикиябгун социалияб рахъал цебетlезабиялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас.

Гьес бицаралда хурхун, Хl. Мусаевас абуна: «*Гьеб суал тlубазабиялда тlад щибаб къойил хlалтlизе ккола. Кумек хlажалъани, бокьараб заманалда дир тlоцевесев заместителасухъе яги дихъе вачlине бегьула*»,-ян.

Щуабилеб суал тlубазабиялда сверухъ бугеб ахlвал-хlалалда тlасан кlалъана администрациялъул аппаратальe нухмалъулей Марьям-Асият Хlамзатова.

Гьелъ бицаралда хурхун, гьабураб кlалъаялда районалъе нухмалъулес абуна: «*Республикаялъул бетlерасул, хlукуматалъул яги дир тlадкъаял, кьуригьечlого ва заманалда, тlуразаризе тlадаб буго. Гьел тlураялда бараб букlуна хадусан гьабизе кколебщинабги.*

*Тlадкъаял, заманалда ва кколеб къагlидаялда, тlураларезул сияхl дихъе щвезабе, ва гьел тlураялда хадуб щибаб къойилаб халкквейги букlинабе*»,-ян.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва рекъон кколел хlукмаби гьаруна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 Педагогазул августалъулаб данделъи

гъум. 3 Студенталгун дандчIвай

гъум. 4 Эркенаб гугари

*БахIарзал кIочон гьечIо*

# Арзулум Ильясовасе – 70 сон



Гьаб соналъул кIиабилеб сентябралда 70 сон тIубалаан Россиялъул БахIарчи, нилъер ракьцояв, Гуни росулъа Арзулум Ильясовасе.

Арзулум Зиявдинович Ильясов гьавуна 1953 соналъ Хасавюрт шагьаралда Зиявдин Ильясовасул кIудияб хъизаналда.

Гуни росдал гьоркьохъеб школа лъугIизабун хадуб, гьев Советияб армиялде ахIана. Гьениса тIадвуссиндал Арзулум Хасавюрт шагьаралъул педучилищеялде лъугьана. ТIокIлъиялда гьеб лъугIарав гьев гIагараб росдал школалде хIалтIизе лъугьана.

1980 соналъ Арзулум жанисел иша-зул органазде лъугьана. Гьениб гьес, мухъилав милиционерасул хъулухъалдасан байбихьун ва СОБРалъул командирасде гIунтIун, хъулухъалъулаб нух нахъа тана. Арзулумица, хъулухъ гьаби гьоркьобкъотIизе течIого, Дагъистаналъул пединститутги, СССРалъул МВДялъул рагъулабгун политикаялъул училищеги, ДГУялъул юридическияб факультетги лъугIизаруна.

Гьес нухмалъи гьабулеб подразделение нилъер республика тун къватIирехун ккарал тунка-хIусиязулъги гIахьаллъана, аслияб къагIидалда, гьеб къеркьолеб букIана республикаялда законалде данде кколарел яргъидгIуцIаразул къокъабигун (террористал). Аслияб хъулухъалда цадахъго, гьес ДГУялъул мугIалимасул хIалтIиги бачунеб букIана.

Арзулум кколаан юридическиял гIелмабазул кандидат, ДГУялъул доцентасул цIар кьей гьесда лъалеб букIинчIо, щай абуни, гьеб букIана гьев гIумруялдаса ватIалъизе кIиго къо хутIараб заман. Гьединго, Арзулумица хIадурулеб букIана гIелмабазул докторасул диссертация. РакIбацIцIадго ВатIаналъе гьабураб хъулухъалъухъ Арзулум кIодо гьавуна кIиго *«БахIарчилъиялъул»* орденаздалъун, кIиабилеб даражаялъул *«ВатIаналъе гьабураб хъулухъалъухъ»* орденалдалъун, *«БахIарчилъиялъухъ»*, лъабабго даражаялъул *«РакIбацIцIадаб хъулухъалъухъ»* медалаздалъун, гьединго, *«правоохранительниял органазул мустахIикъав хIалтIухъан»* цIаралдалъун.

2005 соналъул 13 январалда Каспийск шагьаралда террористалгун ккараб тунка-хIусиялда Арзулум Ильясов гIумруялдаса ватIалъана. Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьесие *«Россиялъул БахIарчи»* абураб цIар кьуна.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

*Росдал магIишаталда*

# «Бищун лъикIав векьарухъан» конкурс

Нилъер районалда батIи-батIиял къецал, конкурсал, олимпиадаби тIоритIулеблъиги гьезулъ гIадамаз жигараб гIахьаллъи гьабулеблъиги лъаларел ратиларо. Районалъе нухмалъулез гьел тIоритIиялде кIудияб кIварги кьола.



Рехсарал къецазул цояблъун букIанин абизе бегьула, росдал магIишаталъул управлениялъул хIаракаталдалъун ва *«Бищун лъикIав векьарухъан»* цIаралда гьоркь, 30 августалда Ленинаул росдал *«Гьудуллъи»* СПКялъул *«Архъабаш»* участокалда тIобитIараб конкурсги.

Гьеб рагьиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И.Шабазов, начальникасдасан байбихьун, УСХялъул хIалтIухъаби ва росабалъа росдал магIишатазул вакилзаби.

Гьениб гьабураб кIалъаялда И. Шабазовас абуна: *«Росдал магIишат нилъер районалъул экономикаялъул аслияб бутIалъун ккола. Гьелде республикаялъегун районалъе нухмалъулез кIудияб кIвар кьолебги буго.*

*Соналдаса соналде гьаб конкурсалда гIахьаллъаразул къадарги цIикIкIунеб буго. Гьелъ бихьизабула гьелдехунисеб бербалагьи хисулеб букIин»*,-ан. И. Шабазовас гьелъул гIахьалчагIазе гьарана бергьенлъаби ва гьарулел ишазулъ церетIеял.

Гьединабго кIалъай гьениб гьабуна УСХялъул начальник Залимхан ГIалиевасги. Жиндирго кIалъаялда гьес баркала загьир гьабуна конкурс гIуцIиялъе ва гьеб нухда тIобитIиялъе квербакъарал районалъул администрациялъегун *«Гьудуллъи»* СПКялъе нухмалъулезе.

Гьеб конкурсалда тIоцебесеб бакI *«Казбековская»* МТСалъул механизатор Батирсултан ГIалисултановас босана, кIиабилеб бакIалде Набигула Булатханов (ЛПХ, Ленинаул) вачIана ва лъабабилеб бакIалъе *«Гьудуллъи»* СПКялъул механизатор Зиявдин МухIамадсултанов мустахIикълъана.

Призалъулал бакIал росаразе, районалъул администрациялъул ва УСХялъул рахъалдасан, ХIурматалъул грамотабиги гIарцулал шапакъаталги кьуна.

ТIоцебесеб бакI босарав Б. ГIалисултIанов республикаялъул гьединабго конкурсалда гIахьаллъизе вуго.

***Хункарби МухIамадхIабибов,***
***УСХялъул начальникасул заместитель***

*31 август-ветеринарияв хIалтIухъансул Къо!*

# Районалъул ветеринарияб хъулухъалда

Нилъер районалда ветеринарияб хъулухъ 1951 соналъ гIуцIана. Гьеб соналъ цIи рагьараб зооветеринарияб хъулухъ гьабиялъул централда хIалтIулев вукIана 7 чи. Централъул начальниклъун Валерий Даниялович Корх ва бухгалтерлъун ТIарикъат Мансуров (ж.м.ч.) тIамуна.

Жакъа ветстанциялда хIалтIулел руго махщел цIикIкIарал ва жидерго хIалтIи бокьулел специалистал. ТIолго хIалтIухъабазул къадар жакъа гьениб 45 чиясде бахуна (12 ветврач,15 ветфельдшер, 6 санитар ва 12 техническияв хIалтIухъан.

30 соналдаса цIикIкIараб соналъ ветстанциялда хIалтIулел руго ветеринариял тохтурзаби: Бексултан Булатханов, Эльмирза Сидикъов, Юнус Юсупов, МухIамад Насрудинов, Рукъигат Гусманова, ХIусейн ХIамзатов, Нажбула ГIабдулкъадиров.

РакIбацIцIад жидерго хIалтIи тIубалеб буго ветфельдшерал: Гусман Гусмановас, МухIамирза МухIамадовас, Сарат МухIамадовалъ, Ибрагьим ШихсагIидовас, Расул Сайбулаевас, санитарал: Узлипат Гусмановалъ, Зарипат Сидикъовалъ ва цогидалги гьанир цIарал рехсечIого хутIаразги.



Ветстанциялъул хIалтIухъабазул аслияб масъалалъун ккола гIи-боцIуда гьоркьоб инфекционниял унтаби риччангутIи ва гьел унтабаздаса гIадамал цIуни. ГIадада гуреб академик Иван Павловас абураб: *«Медицинаялъ сах гьавула инсан, ветеринариялъ- инсаният»*,-ан.

Нилъер районалда буго 14 азарго чIегIерхIайван, гьезда гьоркьоб - 7300 гIака. ГIи-цIаназул къадар бахуна 62 азарго бетIералде, риидалил заманалда - 90 азаргоялде. Гьездe тIадеги, гIадамаз рукъор хьихьун руго чуял, гIанкIал, гIанкIаби, гьаби, кутул ва рукъалъул хIанчIи. Гьеб кинабго ветстанциялъул халкквеялдаги буго.

Инфекционниял унтабазе профилактика гьаби мурадалда, гьарула прививкаби, би бахъун, гьеб битIула, унтаби тIатинари мурадалда, лабораториялде.

Гьедин гьабиялъ, ахириял соназ районалда боцIуда инфекционниял унтаби (сибирская язва, бруцеллёз,туберкулёз, эмкар, ящур ва гь.ц.) тIатарал хIужаби раккичIо. Ветеринаразул хIалтIи буго захIматаб, гьоркьобкъотIи гьечIого, гьабизе кколеб.

Республикаялъул цоги районазул ва шагьаразул ветстанциябазда гьоркьоб нилъер районалъул ветстанция церетIуразда гьоркьоб рехсола. ГIелъие нугIлъи гьабула *«Бищунго лъикIаб ветеринарияб управление»* абураб республикаялъул конкурсалда (2021 сон) II бакI щвеялъ.

ХIурматиял районалъул ветеринарияб хъулухъалъул хIалтIухъаби, ветеранал! Баркула нужеда профессионалияб байрам. Гьарула киназего щулияб сахлъигун халатаб гIумру, хъизаналъулаб талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей.

***ГIабдулмажид МухIамадов, ветстанциялъул начальник***

# Студенталгун дандчIвай

Дагъал цересIан къояз культураялъул Централда районалъул имамзабазул Советалъул председатель МухIаммадрасул МухIаммадгъазиевас студенталгун дандчIвай тIобитIана.

Гьединго, данделъиялда районалъул лъайкьеялъул управлениялъул начальникасул заместитель ХIусен Зубайриевги мугIалимзабиги гIахьаллъана.




М. МухIамадгъазиевас жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна район тун къватIирехун букIунеб хьвада-чIвадиялда бараб букIунеблъи районалъе кьолеб кьимат.

*«Аллагьас нилъее кьун руго, аза-азар батIи-батIиял нигIматал, ва нилъеда тIадаб буго гьел пайдаялъе хIалтIизаризе. Нужеца хал гьабе сверухъ ругел гьудул-гьалмагъзабазул, гIадамазул, гьез нилъго цIазе бегьулел нухазул. Квешлъиялдаса цIунизе бажарани сундаго хIинкъи букIунаро. БажаранагIан нужеца лъай тIалаб гьабе ва гьеб босе. Лъайги махщелги кирго хIажалъула»*,-ян абуна МухIамадгъазиевас.

Хадуб, районалъул рухIияб идараялъул рахъалдасан гьес, Баркалаялъул кагътаздалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун, гьаб соналъ меседил медалазда школа лъугIизабурал цIалдохъаби кIодо гьаруна.

Данделъиялъул ахиралда кIалъай гьабурав ХI. Зубайриевас районалъул рухIияб лъайкьеялъул отделалъе ва М. МухIамадгъазиевасе гIолеб гIелгун гIолилазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабиялъухъ баркала загьир гьабуна.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# ПАМЯТКА
## ПО ПРОТИВОДЕЙСТВИЮ КОРРУПЦИИ
## У ВАС ВЫМОГАЮТ ВЗЯТКУ: КАК ПОСТУПИТЬ?

**ПОД ВЫМОГАТЕЛЬСТВОМ ВЗЯТКИ ПОНИМАЕТСЯ** требование должностного лица дать взятку либо передать незаконное вознаграждение в виде денег, ценных бумаг, иного имущества под угрозой совершения действий, которые могут причинить ущерб законным интересам гражданина либо поставить последнего в такие условия, при которых он вынужден дать взятку либо совершить коммерческий подкуп с целью предотвращения вредных последствий для его право охраняемых интересов (пункт 15 Постановления Пленума Верховного Суда Российской Федерации № 6).

Вымогательство взятки может осуществляться как в виде прямого требования, так и косвенным образом.

**КТО МОЖЕТ БЫТЬ ПРИВЛЕЧЁН К УГОЛОВНОЙ ОТВЕТСТВЕННОСТИ ЗА ВЗЯТНИЧЕСТВО?**

За взяточничество к уголовной ответственности привлекаются:

взяткодатель;

взяткополучатель;

посредник во взяточничестве (тот, кто непосредственно передаёт взятку по поручению взяткодателя или взяткополучателя либо иным образом способствует взяткодателю и (или) взяткополучателю в достижении, либо реализации соглашения между ними о получении и даче взятки).

**ЧТО СЛЕДУЕТ ПРЕДПРИНЯТЬ В СЛУЧАЕ ВЫМОГАТЕЛЬСТВА У ВАС ВЗЯТКИ?**

Для приема информации о ставших известными вам фактах коррупционных проявлений в деятельности государственных гражданских служащих , для принятия мер оперативного реагирования , в целях противодействия коррупции ,обеспечения защиты прав и законных интересов граждан функционируют *"телефон доверия"*, установлены специализированные ящики *«Для обращений граждан по вопросам коррупции»* и организованы общественные посты для приема обращений граждан, которые могут быть поданы в устном и письменном виде во время личного приема граждан.

**ПОМНИТЕ**, что только своевременное и добровольное заявление о факте вымогательства взятки может избавить вас от уголовной ответственности и поможет разоблачить злоумышленников.

Телефон доверия» » – **8988-261-07-67.**

Специализированный ящик *«Для обращений граждан по вопросам коррупции»* установлен при входе в здании МР *«Казбековский район»* с. Дылым Казбековский район Республики Дагестан.

Обращаем внимание на то, что за заведомо ложный донос о совершении преступления, предусмотрена уголовная ответственность ( ст 306 УК РФ).

# Росдал магIишатазда

Дагьал церегIан къояз районалъул магIишатазда хаслихъе культураби ракIариялъул кампания ахиралде щвана. Гьаб соналъ гьел 2045 гектаралда рекьун рукIана (1978 гаялда могьолал, 67 гаялда силосалъе культураби).

Могьолал культураби рекьун рукIарал 1978 гаялдаса бакIарана 4781тонна тIощалил (цо гаялдаса, гьоркьохъеб хIисабалда, 24,12 ц.).

Гьел культураби рекьарал магIишатазул цебесеб кьерда рукIана *«Гьудуллъи»* (490 га), *«БагIараб Октябрь»*(355га) СПКял, *«Дылымское»*ГУП (190 га) ва IаркьухЪ росулъа М.Мусаевасул КХФ(388 га).



БакIарараб тIощалил къадар 4781 тоннаялде бахана (ролъ-3610 т. пурчIина-1171т.). Цо гектаралдаса, гьоркьохъеб хIисабалда, 24,2 ц. ролъулги 21,5 ц. пурчIинадулги бакIарун буго.

ТIощел бакIариялъул кампаниялда лъикIал хIасилал рихьизаруна комбайнерал:

МухIамад Свадрудиновас (*«Дылымское»* ГУП), ГьайирбекГьайирбековас, Iали МухIамадовас (*«БагIараб Октябрь»* СПК), МухIума Мусаевас ва ХIамзат Мусаевас (М. Мусаев КФХ), Батирсултан АхIмадовас (*«Гьудуллъи»* СПК).

Гьездаго цадахъ лъикI хIалтIана шоферзаби: Сулайман МухIудинов (*«Дылымское»* ГУП), Зайирбег МухIамадсултIанов (*«Гьудуллъи»* СПК), IабдулгIазиз Мусаев(*«Их»* СПК), МухIамад Рашидов (*«БагIараб Октябрь»*СПК).

ТIощел бакIариялда цадахъго районалъул магIишатазда унеб букIана хаслиде хъачIаб рагIи-хер ва силос хIадур гьабиялъул кампанияги.

28 августалда УСХялде рачIарал баянazда рекьон, районалъул магIишатаз 25416 т. харилги, 830 т. хьотIолги хIадур гьабун буго. Гьеб ккола магIишатазе хIажатаб къадаралъул 94 %.

*«Дылымское»* ГУПалъул ва *«БагIараб Октябрь»* СПКялъул хIалтIухъабаз 800т. силосалъулги лъуна.

***IабдулатIип IабдулмуслимовI,***
***УСХялъул бетIерав агроном***

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Футбол

18-19 августалда Дилим росдал *«Мадрас* арена» спортивияб площадкаялда тIоритIана заман щвелалдего гIумруялдаса ватIалъарав Адам Султамурадов ракIалде щвезавиялъе мини футбол хIаялъул Кубокалъе хIаялъул турнир.




Гьел къецазда гIахьаллъана Дилим росдал микрорайоназдаса 11 команда. Турнир рагьиялъул кIалъаязда Насрула Алиукъаевас, АхIмад Иманшапиевас, IабдулаХIасановас, IабдулгьафурШираевас, Муса Битимировас бицана физкультураялъулгун спорталъул гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъулъ бугеб кIваралъул, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевас гьеб спорталъул тайпа цебетIезабиялъе бахъулеб хIаракаталъул. ХIалуцарал хIаязда хадуб баянлъана тIоцебесеб бакIалде *«Ах-Верхний»*команда бачIараблъи, кIиабилеб *«Вакъмо-центр»* командаялъ босараблъи ва лъабабилеб бакIалъе *«Къанирзо»* команда мустахIикълъараблъи.

Призалъул бакIал командабазул футболистал гьенир, Адамил гIагарлъиялъул рахъалдасан, кубоказдалъун, медалаздалъун, грамотабаздалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун кIодо гьаруна.

Гьенибго, спонсоразул рахъалдасан, лъикI хIарал ХIасан Камаловасе, IисаХIадаевасе, Гьарун АгъалхановасеШамиль СагIидовасе хасал сайгъатал кьуна.

Киналго футболистазул, спорт бокьулезул рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала буго Адамил гIагарлъиялъе гьеб спорталъул байрам гIуцIаралъухъ.

# Эркенаб гугари

27 августалда Дилим росулъ тIобитIана, *«Салатавия»* спортивияб клуб гIуцIарав Шамиль Темиргереевасул хIурматалда ва *«Салатавиялъул кубок»* цIаралда гьоркь, гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул турнир.

Гьенир гIахьаллъана республикаялъул шагьараздасагун районаздаса, Нижний Новгородалдаса 200 спортсменасде гIагарараб къадар гугарухъабазул.

Турнир рагьиялда кIалъаял гьаруна Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша Iумахановас, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас, Олимпиялъул резервалъул училищеялъул директор, СССРалъулгун РФялъул мустахIикъав тренер МухIамад ХIусейновас, захIматалъул халкъиявгун ополчениялъул бахIарчи Муса Iазаевас, РДялъул халкъияв бахIарчи Зайбодин Iумаровас, СССРалъул спорталъул мастер Евгений Есиница (Н. Новгород), районалъулгун Дилим росдал имамзаби МухIамадрасул МухIамадгъазиевас ва Шамиль Къурбановас.




Гьеб тадбиралда гIахьаллъаразда гьоркьор рукIана цогидалги спорталъул Халкъалдагьоркьоселгун РФалъул мустахIикъал мастералги.

Гьез данделъаразе бицана спорт ракълил вакиллъун кколеблъиялъул, сахлъи чIезабиялъегун гьеб букIинабиялъе, гьудуллъиялъулгун вацлъиялъул бухьенал щула гьариялъе гьелъул бугеб кIваралъул. Гьенир киналго хIурматиял гьалбал *«Салатавия»* клубалъул ракIалдещвеялъул сайгъатаздалъун кIодо гьаруна.

Шамиль Темиргереевасе гьениб С-п .Iумахановас имам Шамилил орден кьуна.

Турниралда гIахьаллъараб 12 командаялда гьоркьоб тIоцебесеб бакI *«Салатавия»* клубалъул командаялъ босана. Жиде-жидер цIайиялда, гьеб командаялда гьоркьоса 18 гугарухъан чемпионлъун вахъана.

Призалъулал бакIал росарал гьенир кIодо гьаруна чемпионазул ручлуздалъун, кубоказдалъун, медалаздалъун, грамотабаздалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун.

Турнир ахиралде щвана Ш. Темиргереевас жиндир хIурматалда турнир тIобитIиялъе квербакъаразе баркала загьир гьабиялдалъун.

***Насрула Алиукъаев***

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. IабдулашимовI

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** I.I. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекьон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**